# Адыгэ шэн-хабзэр литературэм иурокхэм еджапIэм зэрэщызэрагъашIэрэр

Адыгэхэр дунаем анахь лъэпкъыжъэу, ицIыфышъхьэкIэ макIэу къытенагъэмэ ащыщых. Сыбзэ сигупсэ, сихабзэ сшIодах. Ау тилъэхъанэ пштэмэ, нахьыжъмэ къинкIэ тфаухъумэгъэ адыгэ шэн-хэбзэ дахэхэм чIэнэгъэшхохэр, зэхъокIыныгъэшхохэр афэхъугъэх. ЦIыфым ыпсэ игъашI, идунай. Бзэм нахьыбэрэ рыгущыIэхэ къэси нахь бэгъашIэ мэхъу, лэжьыгъацэу чIыгу гъэбэжъум халъхьагъэр зэрэбагъоу лIэшIэгъу пчъагъэкIэ лъэпкъым ихъишъэ лъегъэкIуатэ. Тиадыгэ лъэпкъ ихъишъэ зынэсыщтыр непэ зэпхыгъэр тэры, кIэлэегъаджэу гурыт еджапIэхэм Iоф ащызышIэхэрэр ыкIи сабыеу едгъаджэхэрэр ары, сэ сишIошIыкIэ.

Сэ «Эколого-биологическэ лицееу № 35» сырикIэлэегъадж. Адыгабзэмрэ адыгэ литературэмрэ еджапIэм щясэгъахьых. Непэ еджапIэм пшъэрылъ анахь инэу зэшIуихын фаер цIыфым ипIун-егъэджэн. Неущрэ мафэм илIыкIох ныбжьыкIэхэр, ахэм улэоу адэтшIырэм елъытыгъэщт тищыIакIэ рыкIощтыр. Ащ изакъоп, щыIагъэрэ, гуфэбэгъэ хьалэлыгъэрэ хэлъэу, гукIэгъу, акъылыгъэ зыхэлъ зекIуакIэкIэ ныбжьыкIэмэ уадэзекIомэ, цыхьэ зыфябгъэшIымэ, ар зэкIэ текIоныгъэу плъытэмэ хъущт. Цыхьэ къыпфэзышIырэм Iоф нахь дэшIэгъошIу.

Лъэхъанэ чыжьэмэ къапкъырыкIызэ, къыднэсыжьыгъэ шэн-хэбзэ дахэхэр ныбжьыкIэхэм зэрахэтлъхьэщтым ипшъэрылъ зыщыдгъэцакIэхэрэм ащыщ адыгэ литературэм иурокхэр.

**Адыгэ литературэм иурокхэм язэгъэшIэн гурыт еджапIэм мурадэу къыгъэуцухэрэм ащыщхэр непэ ягугъу къэсшIы сшIоигъу:**

1. Адыгэ шэн-зэхэтык1эхэр аш1энхэр, шъхьэк1эфагъэ къызхагъафэу адыгэ шэн-хэбзэ зек1ок1э дахэхэр зэрахьэ хъунхэр;
2. Яхудожественнэ-творческэ ык1и ш1эныгъэ (познавательнэ) гупк1агъэ хэхъоныр, художественнэ произведениехэм яджэхэ хъумэ эмоциональнэ фыщытык1э фыря1э хъуныр, гущы1эм эстетическэ ек1ол1ак1э фыря1э хъуныр;
3. Учебнэ ык1и научнэ ш1эныгъэхэр къэзытрэ текстхэм 1оф адаш1энымк1э къулайныгъэхэр къа1эк1эхьанхэр;
4. Адыгэ Республикэм икультурэ, итарихъ, адыгэ писательхэм поэтхэм атхыгъэ произведениехэм нэ1уасэ афэхъуныр, дэгъур, дэир къыгуры1оу этическэ еплъык1эхэр и1э хъунхэр;
5. К1элэеджак1охэм художественнэ текстым иш1уагъэк1э я нравственнэ опыт хэхъоныгъэхэр ыш1ынхэр; дэгъумрэ дэимрэ къагуры1онхэр; Россием, Адыгеим, нэмык1 хэгъэгухэм ащыпсэурэ ц1ыф лъэпкъ зэфэшъхьафхэм якультурэ лъытэныгъэ афаш1ы хъунхэр;

6. Ц1ыфым гъэсэныгъэу ык1и п1уныгъэу хэлъыр зынэсырэр къэзгъэлъагъорэр жабзэу 1улъыр, ащ ибайныгъ, ар зэригъэ1орыш1эшъурэр ары. Бзэр дэгъоу, 1упк1эу, тэрэзэу ыгъэфедэшъуным пае грамматикэмк1э правилэхэр ыш1энхэ фае. Дахэу, щэрыоу, къабзэу, зэгъэк1угъэу к1элэц1ык1ум бзэр ыгъэфедэным пае литературнэ шапхъэхэр 1эк1элъынхэ фае. Ахэр зэк1э ш1огъэш1эгъонхэу ы1э къыригъэхьанхэм пае уахътэм дезыгъэштэрэ ек1ол1ак1эхэр къыфигъотхэзэ к1элэегъаджэм и1офш1эн зэхищэнэу щыт.

Адыгабзэм иегъэджэнк1э бгъэфедэн плъэк1ыщт материалэу щы1эр бэп. Арышъ, бзэу зэхьыл1агъэм емылъытыгъэу, бзэ пстэуми яхьыл1агъэу зэхэубытэгъэ теоретическэ зэфэхьысыжьхэр адыгабзэмк1и бгъэфедэн плъэк1ыщт. Урокыр къыгъэгъэш1эгъонынэу технологие зэфэшъхьафхэр бгъэфедэн плъэк1ыщтых: проектнэ технологиер, дифференцированнэ егъэджак1эр, личностно-ориентированнэ, информационнэ технологиехэр, технологиеу дебаты ык1и тестхэр.

ЩыIэп цIыф лъэпкъ илитературэ рымыгушхоу. Тэ тинепэрэ литературэ хахъоу ышIыгъэм къытеты амал адыгэ цIыф лъэпкъым гъогоу къыкIугъэм тылъыплъэнэу. Мыщ дэжьым къыдэплъытэн фаер, произведениеу заджэхэрэм хэт образхэр, ахэр зыгъэгумэкIхэрэр ныбжьыкIэхэм алъыIэсынхэм мэхьанэшхо зэриIэр. НыбжьыкIэхэм шIэныгъэ ябгъэгъотын плъэкIыщтэп, хъугъэ шIагъэу ахэр нэIуасэ зыфэпшIыхэрэмэ ядэхагъэ гу лъямыгъатэмэ. Жанрэу Iоф зыдашIэрэ пэпчъ хэт адыгэ шэн-зекIуакIэхэу, цIыф зэфыщытыкIэ дахэхэу къыхафэхэрэр къыхагъэщынхэр, атегущыIэнхэр, яшIошъхэр къыраIолIэнхэр алъэкIэу есэнхэм пае, лъэпкъ хабзэм хэшIыкI афыряIэн фае. Мы пшъэрылъхэм язэшIохын адыгэхэм бэшIагъэ къызаугупшысыгъэр. А амалхэм ащыщхэу анахьэу зишIуагъэ къакIорэр жэрыIо творчествэр, анахьэу пшысэхэр ары. Ау ар нахьыбэу зыщыбгъэфедэрэр пэублэ классыхэр ары. Адыгэхэм япшысэхэр къызэрыкIоу щытхэп, уахътэм сабыир зэригъэуцорэ ныбжьым елъытыгъэу, лъэпкъым, лIакъом, хэкум, хэгъэгум мэхьанэу яIэр зэхырагъэшIыкIы. ИцIыкIугъом къыщегъэжьагъэу, IофшIэным фапIу, фалэжьы.

Пшысэу ныдэлъфыбзэ дахэкIэ къэIотагъэм, бзэм иIашIугъэ зэхыуегъашIэ, емрэ шIумрэ, дэгъумрэ дэимрэ, шъыпкъэмрэ пцIымрэ, хъущтымрэ дэдзых пшIын фаемрэ къыбгурегъаIо. Пшысэм едэIугъошIу, гъэшIэгъоны. КIэухым сыдигъуи шIур щытекIо. Пшысэхэм ащыгъэфедэгъэ гущыIэжъхэм уалъыплъэныр гъэшIэгъон дэд. Ахэр губзыгъэу къыбдэгущыIэх, къыоушъыих, къыодэхашIэх, щыIэныгъэм ехьылIэгъэ зэфэхьысыжьхэр уагъэшIы. Пшысэхэм язэгъэшIэгъу уахътэ гущыIэгъур нахьыбэм зыер кIэлэеджакIохэр ары. Ахэм яцIыкIугъом щыублагъэу зэсэгъэ пшысэхэм яеджэни, язэхэфыни къин къащыхъурэп, абзэ къегъэбаи ныдэлъфыбзэм иIашIугъэ зэхарегъашIэ, фэкъулаеу янэ-ятэхэр, яжъхэр, яупчIэжьэгъухэу

щыIэнхэу, лъытэныгъэ зэфашIыжьынхэу, яIорэ яшIэрэ зэтефэу псэунхэм фегъасэх.

Адыгабзэм иурокхэми, литературэм иурокхэми проектнэ технологиер ащыбгъэфедэн плъэк1ыщт. Охътэ к1эк1ым къык1оц1 едзыгъо (раздел) горэм 1оф дэпш1эщтмэ мыр амалыш1у: к1элэеджак1омэ ежь-ежьырэу 1оф аш1энэу, зыгорэм лъыплъэнхэу, къагъотынэу, рыгъозэнхэу регъасэх, язэхэш1ык1ы хэхъо, гулъытэ куу я1э мэхъу. К1элэегъаджэми ригъаджэхэрэм яш1эныгъэхэр еуплъэк1у, ягупшысэ зынэсрэр елъэгъу. Проектнэ 1офш1эныр нэбгырэ пэпчъ шъхьаф-шъхьафэу, е куп-купэу гощыгъэхэу, е зэрэкласс зы 1офш1эн зэдаш1эн алъэк1ыщт. Проектнэ 1офш1эныр класситIу е заулэ зэдаш1эуи мэхъу, зэрэеджап1э зы темэ ыштэуи мэхъу. Проектнэ 1офш1эным ик1эухым презентацие аш1ы, компьютерыр агъэфедэзэ проекторымк1э къагъэлъагъо. Адыгэ хабзэмк1э проектыр концертык1э зэфэпш1ыжьы хъущт, конференцие зэхапщи хъущт.

Джырэ лъэхъаным к1элэеджак1охэр компьютерым игъэфедэнк1э к1элэегъаджэхэм зэрэнахь1азэхэр хэтк1и нафэ. Компьютерымрэ, проекторымрэ, интерактивная доска зыфат1орэмрэ мафэ къэс, урок къэс умыгъэфедэщтми, уахътэу тызыхэтым типредмет диштэным пае, 1оф арыпш1эн фае. Информационнэ технологиехэр зыщыгъэфедэгъэ урокхэр к1элэеджак1охэм нахь аш1огъэш1эгъоных. Гущы1эм пае, проекторымк1э темэм елъытыгъэу слайдхэр, гущы1ак1эхэм ятхык1эхэр къытыребгъадзэхэмэ, нахь ашъхьэ раубытэ. Нэрылъэгъоу алъэгъурэр нахь гуры1огъош1у афэхъу. К1элэегъаджэми компьютерым хэш1ык1 дэгъу фыри1энэу щыт. Урокым щигъэфедэщт материалыр ыпэк1э ыгъэхьазырынышъ, компьютерым тыридзэн фае. Проектнэ 1офш1энэу ыпэк1э зигугъу къэтш1ыгъэхэм зэфэхьысыжьэу презентациехэр компьютерк1э к1элэеджак1охэм къаш1ыжьых ык1и проекторымк1э тырагъадзэзэ къагъэлъэгъожьын алъэк1ы. Тест-1офш1энхэу зигугъу къэтш1ыщтхэри нэбгырэ пэпчъ афэбгъэхьазырэу апашъхьэ имылъхьэми проекторымк1э къытыребгъадзэмэ нахь 1эрыфэгъу.

А зэкIэри непэ еджапIэм щыбгъэфедэным IэпыIэгъу къытфэхъух ти Адыгэ республикэ сэнэхьат хэгъэхъо институт щызэхащэрэ курсхэр, семинархэр, лекциехэр , ти Адыгэ республикэ институтэу гуманитар ушэтынхэм апылъым и1офыш1эхэм зэхащэрэ зэIукIэхэр. Ахэм зэхащэрэ теоретическэ ык1и практическэ занятиехэм мэхьанэшхо яI непэрэ мафэм.

ЫпэкIэ къызэрэхэзгъэщыгъоу, непэ техническэ IэпыIэгъоу къежьагъэр бэ, ахэмэ зэу ащыщ компьютерыр. ЗымкIэ дэгъу, Iофыбэ къегъэпсынкIэ, литературэм иурокхэм нэрылъэгъоу къащыбгъэлъэгъон, зэхябгъэхын плъэкIыщтхэмкIэ Iэрфэгъу. Ау ятIонэрэ бгъумкIэ, компьютерыр дэи, тихабзэ къемыкIурэ шэн-хэбзэ дэихэр къызхахынэу ныбжьыкIэхэм интернетым ралъагъорэр бэ. Уахътэр къэбгъэуцун плъэкIыщтэп, шIэгъэн фаеу тиIэр оIо зэпытэу уедэIужькIи зэблэхъун щыIэп, ау амалэу щыIэр зыфэдгъэфедэшъун фае. Сенэгуе ишIуагъэ къэкIонкIэ, хъишъэм инэкIубгъохэм, адыгэ-шэн хабзэ

дахэхэм къатегущыIэрэ статьяхэм, архивнэ документ гъэшIэгъонхэм яматериалхэм, адыгэ тхылъыкIэу къыдэкIыгъэхэм, национальнэ проектхэм, хэхэс адыгэхэм яхьылIэгъэ материалхэм, купэу "Жъыу"-м (пащэр ГъукIэ Замудин) къыдигъэкIыгъэ альбомым тетхэгъэ орэдыжъхэм, къэшъо мэкъамэ дахэхэм, ащ тхыгъэ гуадзэу Унэрэкъо Раерэ Пашты Мадинэрэ фашIыгъэхэм, I-9-рэ классхэм апае къыдэкIыгъэ "Адыгэ хабзэ" зыфиIорэ тхылъхэм яматериалхэм (авторхэр: Унэрэкъо М., Унэрэкъо Р.), ыкIи нэмыкIыбэу, лъэпкъымкIэ гъэсэпэтхыдэ хъущт материалхэм интернет сайтхэм нэIуасэ защыфэтшIышъунэу амал тиIагъэмэ. Непэ зэрэреспубликэу тиIэп анимацием икъоу Iоф дэзышIэн зылъэкIыщт специалистхэр, а лъэныкъом Iоф дэтымышIэмэ дэдзых мэхъу сабыйхэм зы пIуныгъэ амалэу адызетхьан тлъэкIыщтыр, хэткIи шъэфэп ахэр непэ зэплъырэ мультфильмэхэр.

Непэ лъэпкъым къырыкIощтым ыгъэгумэкIхэу, гъогууанэ къызэпызычи къэкIогъэ хэхэс тилъэпкъэгъухэм абзэ къызэтырагъэнагъ. Тэ тигугъапIэмэ зыдэгъэзагъэр унагъор ары. Тэ кIэлэегъаджэхэм, кIэлэпIухэм тыкъяджэ ны-тыхэм яунагъохэм адыгабэкIэ, яныдэлъфыбзэкIэ ясабыйхэм адэгущыIэнхэу. Адыгэ гущыIэжъым еIо: "Жъы зимыIэм кIэ иIэп". Тигупсэ ныжъ-тыжъ губзыгъэхэу тыбзи тихабзи къэзгъэгъунагъэхэм яIэпыIэгъу тищыкIагъ, тыбзэ изэгъэшIэн, шэн-хабзэмэ якъэухъумэн кушъэ лъапэм щытэжъугъэублэ, кIэлэцIыкIу IыгъыпIэхэм адыгабзэр ачIэлъын фае. Ныдэлъфыбзэм изэгъэшIэн Республикэу узщыпсэурэм сыхьатитIу къыретыкIэ бзэр къызэтебгъэнэн плъэкIыщтэп, тхылъэу адыгабзэкIэ къыдэкIыщтхэм яджэн дгъотыжьыщтэп, бзэр зымышIэрэм ихабзи ышIэрэп. "Шыпэр кIуагъэу шышъхьэм улъэбэнэжькIэ пкIэ иIэп". Мардж, игъу! Уахътэм диштэу, тисабыйхэр адыгэ-шэн хабзэм тетэу зыщытпIун **нахь сыхьатыбэ** тищыкIагъ! Тилъэпкъэгъу сабый Iушхэм гъогур ятыгъэн фае, амал зиIэ цIыфхэм ар апшъэ ралъхьажьымэ, тинеущ зэпхыгъэщтхэр ахэр арых.